# I. ЖАЛПЫ АЙМАҚЛЫҚ ӨНИМ ИСЛЕП ШЫҒАРЫЎ

Дәслепки мағлыўматлар бойынша, 2020 жылдың январь-июнында ислеп шығарылған жалпы аймақлық өнимниң (ЖАӨ) көлеми 8959,4 млрд. сўмды қурады ҳәм 2019 жылға салыстырғанда өсим пәти 100,7 процентке тең болды.

2020 жылдың январь-июнь айларында ЖАӨ дефлятор индекси 110,3 процентти қурады.

**Январь-июнь айларында Қарақалпақстан Республикасы жалпы аймақлық өниминиң экономикалық хызмет түрлери бойынша қурамы**

| | *млрд.сўм* | | *2019 жылға салыстырғанда, % те* |
|---|---|---|---|
| | *2019жыл* | *2020жыл* | |
| **I. Жалпы аймақлық өним, жәми** | **8 073,0** | **8 959,4** | **100,7** |
| *соннан:* | | | |
| Тараўлардың жалпы қосылған қуны | 7 273,1 | 8 367,0 | 100,8 |
| Өнимлерге болған салықлар | 799,9 | 592,4 | 98,9 |
| **II. Тараўлардың жалпы қосылған қуны** | **7 273,1** | **8 367,0** | **100,8** |
| Аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығы | 1 330,4 | 1 607,9 | 104,5 |
| Санаат (қурылысты қосқан жағдайда) | 3 236,4 | 3 624,1 | 99,9 |
| санаат | 2 415,1 | 2 763,0 | 103,0 |
| қурылыс | 821,3 | 861,1 | 90,9 |
| Хызметлер | 2 706,3 | 3 135,0 | 100,1 |
| саўда, жасаў ҳәм аўқатланыў бойынша хызметлер | 415,4 | 453,2 | 97,1 |
| тасыў ҳәм сақлаў, мәлимлеме ҳәм байланыс хызметлери | 489,3 | 511,0 | 99,5 |
| басқа хызметлер | 1 801,6 | 2 170,8 | 101,0 |

**Жалпы аймақлық өнимниң тараўлар бойынша қурамы**
**январь-июнь жағдайына**
*(жәмине салыстырғанда % те)*






2020 жылдың январь-июнь айларында Қарақалпақстан Республикасы экономикасының тийкарғы тараўларында гүзетилген өсим пәтлери ЖАӨ өсиўинде тийкарғы фактор болып хызмет етти. Атап айтқанда, аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығының өсим пәти – 104,5 % (ЖАӨ қурамындағы үлеси 19,2 %), санаат (қурылысты қосқан жағдайда) – 99,9 % (43,3 %) ҳәм хызметлер тараўы – 100,1 % (37,5 %).

**Январь-июнь айларында Қарақалпақстан Республикасы жалпы аймақлық өниминиң экономикалық хызмет түрлери бойынша қурамы,**
*жәмине салыстырғанда % те*

| | *жәмине салыстырғанда % те* | | *өткен жылға салыстырғанда парқы, (+;-)* |
|---|---|---|---|
| | *2019 йил* | *2020 йил* | |
| **I. Жалпы аймақлық өним, жәми** | **100,0** | **100,0** | **х** |
| *соннан:* | | | |
| Тараўлардың жалпы қосылған қуны | 90,1 | 93,4 | 3,3 |
| Өнимлерге болған салықлар | 9,9 | 6,6 | -3,3 |
| **II. Тараўлардың жалпы қосылған қуны** | **100,0** | **100,0** | **х** |
| Аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығы | 18,3 | 19,2 | 0,9 |
| Санаат (қурылысты қосқан жағдайда) | 44,5 | 43,3 | -1,2 |
| санаат | 33,2 | 33,0 | -0,2 |
| қурылыс | 11,3 | 10,3 | -1,0 |
| Хызметлер | 37,2 | 37,5 | 0,3 |
| саўда, жасаў ҳәм аўқатланыў бойынша хызметлер | 5,7 | 5,4 | -0,3 |
| тасыў ҳәм сақлаў, мәлимлеме ҳәм байланыс хызметлери | 6,7 | 6,1 | -0,6 |
| басқа хызметлер | 24,8 | 26,0 | 1,2 |

**2020 жыл январь-июньда ЖАӨниң экономикалық хызмет түрлери бойынша өсим пәтлери**




Қарақалпақстан Республикасы экономикасының барлық тараўларында жаратылған жалпы қосылған қун (ЖҚҚ) көлеми улыўма ЖАӨниң 93,4 процентин, онимлерге болған салықлар болса, 6,6 процентин қурады.

*Есабат дәўиринде халықтың жан басына ислеп шығарылған жалпы аймақлық өним көлеми 2080,4 мың сўмды қурап, өткен жылдың тийисли дәўири (1829,7 мың сўм) не салыстырғанда 2,4 процентке асты.*

Санаат (қурылысты қосқан жағдайда) тараўының ЖАӨниң тараўлар бойынша қурамындағы үлеси 1,2 процентли пунктке (ЖАӨ қурамындағы үлеси 43,3 %) кемейди. Аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығының ЖАӨ қурамындағы үлеси 2020 жыл январь-июньда 19,2 процентти қурады ҳәм 2019 жыл (18,3 %) менен салыстырғанда 0,9 процентли пунктке ҳәмде хызметлер тараўының ЖАӨ қурамындағы үлеси 37,5 процентти қурады ҳәм өткен жыл (37,2 %) менен салыстырғанда 0,3 процентли пунктке асты.

Саўда, жасаў ҳәм аўқатланыў бойынша хызметлердиң ЖАӨ қурамындағы үлеси 5,4 процентти (2019 ж. – 5,7 %), тасыў ҳәм сақлаў, мәлимлеме ҳәм байланыс – 6,1 процентти (6,7 %), хызмет көрсетиўши басқа тараўлар – 26,0 процентти (24,8 %) қурады.

**Хызметлер тараўының жалпы қосылған қуны қурамы**
*(жәмине салыстырғанда % те):*




